**2018 jıldıń yanvar-oktyabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı**

**<u>SANLAR:</u>**

· Sanaat islep shıǵarıw kólemi **6969,9** mlrd.sumdı, ósiw **3,4 %**ti quradı

· Tutınıw tovarları islep shıǵarıwdıń ósiw páti – **103,3**% ti quraydı

· Sanaat islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi **-19,8**% ti quraydi

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2018 jıldıń yanvar-oktyabr aylarında respublika kárxanaları tárepinen 6969,9 mlrd.sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstirǵanda ósiw páti 103,4 % dı quradı.

Ulıwma sanaat islep shigarıw kólemi ósiwiniń tiykarǵı sebebi bolıp, islep shıǵaratuǵın (qayta islew) sanaatında islep shıǵarıw kóleminiń 1,5% ke, taw-kán sanaati hám ashıq kánlerdi isleviniń 20,4 % ke, elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondittsiyalawdıń 12,4 % ke suw menen támiyinlew, kanalizatsiya, shıǵındılardı utilizatsiya qılıwdıń 60,9 % ke ósiwi esaplanadı.

***2018 jıldın yanvar- oktyabr aylarında ahmiyetli ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw quramı***



**89,0%**
- Qayta islew sanaatı
- (ósiw páti 101,5%)



**5,8%**
- Elektr, gáz, puw menen támiyinlew hámde hawanı konditsiyalaw
- (ósiw páti 112,4 %)



**3,8%**
- Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew
- (ósiw páti 120,4 %)



**1,4%**
- Suw menen támiyinlew, kanalizatsiya, shıǵındılardı utilizatsiya qılıw (ósiw páti 160,9 %)

### *Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew.*

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2018 jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵarılǵan ónimler muǵdarı 262,6 mlrd.sumdı yaǵniy ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri muǵdarınıń 3,8 % tin quraydı.

Taw-kán sanaatında islep shıǵarılǵan ónimler tu'ri boyınsha háktas qazıp alıw kólemi ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda -29,2% ke, gaz kondensati – 11,6 % ke hám tábiyǵiy gaz – 9,7 % ke hám qattı haldaǵi duz hám taza natriy xlorid (as duzınan tısqari) -5,5 % ke óskenligin kóriwimiz múmkin.

### *Yanvar - oktyabr aylarında taw- kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde iri sanaat kárxanaları tárepinen ayrım tu'rdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw*

| Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerde islep shıǵarılǵan ónimler | 2018 jılda islep shıǵarılǵan | 2017 jılda islep shıǵarılǵan | ósiw páti, % |
|---|---|---|---|
| Háktas, t | 151722,0 | 117387,2 | 129,2 |
| Gaz kondensati, mıń t. | 147,90 | 132,49 | 111,6 |
| Tábiyǵıy gaz, mln.kub.m | 5145,54 | 4690,87 | 109,7 |
| Qattı haldaǵi duz hám taza natriy xlorid (as duzınan tısqari) | 94065,0 | 89203,2 | 105,5 |

### *Islep shıǵaratuǵın sanaat (qayta islew sanaatı).*

2018 jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 6200,7 mlrd.sumdı yaǵniy ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kóleminiń 89,0 % tin quraydı.

Óz náwbetinde islep shıǵaratuǵın sanaatta ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda kislorod islep shıǵarıw 84,4% ke, tazalanǵan gúrish – 2,5 márte, araq -10,9% ke, paxtadan iyirilgen jip – 15,2 % ke, karbonat dinatriya-6,5%, ke, jumsaq biyday unı-2,5% ke óskenligin hám paxta talası, ósimlik mayi (tazalanǵan), jumsaq biyday unı makaron islep shıǵarıw kóleminiń ótken jıldıń usı dáwirirne salıstırǵanda páseygenligin kóriwimiz múmkin.

***Yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaatda iri sanaat kárxanaları tárepinen ayrım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw***

| Islep shıǵaratuǵın sanaat ónimleri | 2018 jılda islep shıǵarılǵan | 2017 jılda islep shıǵarılǵan | Ósiw páti, % |
|---|---|---|---|
| Paxta talası, t | 39342 | 50418 | 78,0 |
| Ósimlik mayı (tazalanǵan), t | 8276,2 | 11518,2 | 71,9 |
| Tazalanǵan gu'rish, t | 3772,0 | 1527,4 | 247,0 |
| Jumsaq biyday unı, t | 64389,9 | 62825,9 | 102,5 |
| Araq, m.l. 100% spirt | 3480,9 | 3139,7 | 110,9 |
| Biydai nanı , t | 2105,1 | 2873,2 | 75,6 |
| Makaron ónimleri, t | 2455,86 | 3740,70 | 65,7 |
| Iri shaxlı qaramallar ushın tayar azıq , t | 33095,2 | 32727,7 | 101,1 |
| Tsement, beton yaki tabiyǵıy emes tastan jıynalǵan konstruktsiyalar elementleri hám imaratlar ushın basqa buyımlar , t | 500,0 | 297,9 | 167,8 |
| Jol qaplamaları ushın asfaltlı aralaspalar, t | 22708,0 | 45000,0 | 50,5 |
| Paxtadan iydirilgen jip , t | 3397,4 | 2948,6 | 115,2 |
| Kislorod, mıń.m3 | 9,2 | 5,0 | 184,4 |
| Karbonat dinatriya, mıń.t. | 154,69 | 145,31 | 106,5 |
| Polietilen, t. | 293587,07 | 311042,92 | 94,4 |
| Polipropilen, t. | 77242,3 | 77931,4 | 99,1 |

***Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondittsiyalaw.***

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondittsiyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 403,1 mlrd.sumdı (ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimler kóleminiń 5,8 % ) quraydı.

2018 jıldıń yanvar-oktyabr aylarında sanaattıń bul tarmaqlarında ıssılıq energiyasın islep shıǵarıw ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 23,0 % ke hám basqa usıllarda elektr energiyasın islep shıǵarıw 3,1 % kemeyiwi baqlandı**.**

***Suw menen támiyinlew, kanalizatsiya, shıǵındılardı utilizatsiya qılıw.***

Suw menen támiyinlew, kanalizatsiya, shıǵındılardı utilizatsiya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 103,4 mlrd. sumdı (jámi islep shigarilǵan ónimler kóleminiń 1,4 % in) quraydi.

Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda quramında qara metall bolǵan ekilemshi shiyki ónim-2,0 mártege, suwǵa islew beriw hám suw tarmaqları boyınsha bólistiriw xızmetleri 19,3% ke, shıǵındı suwlardı joǵaltıw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetlerdiń-45,7% ke kóterilgenligi baqlandı.

***Tutınıw tovarlarin islep shıǵarıw*.**

Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemi 1267,1 mlrd.sumdı quradı hám 2017 jıldıń yanvar-oktyabr aylarına salıstırǵanda 3,3%, ke ósiwi támiyinlendi, ulıwma sanaattaǵı úlesi bolsa 18,2 % ti quradı.

***2018 jıldıń yanvar-oktyabr aylarında tutınıw tovarların islep shıǵarıw***




2017 jıldıń yanvar-oktyabr aylarına salıstırǵanda tutınıw tovarlari quramında azıq-awqat emes tovarlardı islep shıǵarıw kóleminiń 35,4% ten 2018 jıldıń yanvar- oktyabr aylarında 36,9% ke ósiwi baqlandı.

***Yanvar-oktyabr aylarında tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemi, %***



***2018 jıl  yanvar-oktyabr aylarında respublikalar boyınsha tutınıw tovarları islep shıǵarıw kólemi  hám  ósiw  páti***




***Aymaqlardıń sanaat islep shıǵarıwı***

Respublika sanaat islep  shıǵarıw kólemi quramında eń kóp   Nókis qalası (respublika sanaat islep shıǵarıw kóleminiń 67,8%  úlesi), Taxiyatas (5,2%), Xojeli (3,7%), Ámudarya (3,4%), Moynaq (3,1%) rayonları úlesine tuwri keledi.

***2018 jıldıń yanvar-oktyabr aylarında aymaqlardıń sanaat islep shıǵarıw kólemi hám ósiw páti***




Sonıń menen birge eń kem úles Taxtakópir (0,3 %), Shomanay (0,4 %), Nókis (0,5 %), rayonları úlesine tuwri keledi .

Sonı aytıp ótiw kerek, básekege shıdamlı ónim islep shıǵarıw boyinsha joqarı texnalogiyalı joybarlardı ámelge asırıw natiyjesinde Qaraózek (2017 jıldıń yanvar-oktyabr aylarına salıstırǵanda 164,5 % ke), Moynaq (123,9 % ke), Ámudarya (119,8 % ke), Taqiyatas (114,3 % ke) hám Qanlikól (113,7 % ke) rayonlarında sezilerli dárejede islep shıǵarıw kóleminiń ósiwi támiyinlendi .

*Sanaat statistikası bólimi*

*Baspaǵa juwapker: Gulmurzaeva T.*
*Baylanıs telefonı: (0371) 230-82-09*